

Tibebe w la Reyisi Depistaj Oditif pou Nouvone a



Èske yon tibebe kapab reyisi tès oditif la epi gen pèt oditif malgres?

Wi. Odisyon yon tibebe ka chanje nan nenpòt ki moman.

Pale ak pwofesyonèl swen sante tibebe w la oswa kontakte yon klinik sante si youn nan deklarasyon sa yo aplikab pou pitit ou a – kounye a oswa alavni:

- Youn nan paran biyolojik tibebe m nan, oswa youn nan fanmi pwòch li te soud oubyen te gen difikilte pou tande lè l te timoun.
- Tibebe m nan te nan sèvis “NICU” oswa “PICU” lopital la – ke yo konnen tou sou non inite swen entansif pou nouvone (neonatal intensive care unit) oswa inite swen entansif pedyatrik (pediatric intensive care unit).
- Tibebe mwen an te gen yon transfizyon echanj – yon tip transfizyon san espesyal.
- Tibebe m nan genyen oswa te genyen plizyè enfeksyon nan zòrèy.
- Tibebe m nan genyen oswa te genyen yon blesi nan tèt.
- Mwen pa kwè tibebe m nan tande byen.
- Mwen pa kwè tibebe m nan pale byen.
- Konpòtman tibebe m nan diferan pa rapò ak Lis Verifikasyon pou Odisyon ki nan do papye sa a.



Kontinye nan paj ki nan do a

LIS VERIFIKASYON POU ODISYON

Men kèk bagay yon tibebe kapab fè jeneralman si li pa soud oswa si li pa gen pwoblèm tande:

Depi nan Nesans jiska 3 Mwa

- Li sote lè gen son
- Li kalme lè l tande vwa paran oswa moun k ap bay swen an
- Li vire tèt li nan direksyon vwa w

3 Mwa jiska 6 Mwa

- Li vire je l yo ak tèt li pou jwenn vwa w
- Li fè plizyè kalite son ak bouch li
- Li amize l ak jwèt ki fè son

6 Mwa jiska 9 Mwa

- Li reyaji lè l tande non l
- Li konprann mo ki fasil tankou “non” ak “babay”
- Li di “pa-pa” oswa “ma-ma”

9 Mwa jiska 12 Mwa

- Li repete mo ak son ki senp
- Li itilize 2 jiska 3 mo ki diferan ak “pa-pa” oswa “ma-ma”
- Li bay jwèt lè yo mande l yo
- Li pwente ak dwèt li pou ede nan kominikasyon

12 Mwa jiska 18 Mwa

- Li itilize 7 oswa plis vrè mo – ki diferan ak son tibebe emèt
- Li suiv direksyon senp yo ba li
- Li mande divès kalte bagay nan non yo

Pou plis enfòmasyon, kontakte Pwogram Entèvansyon Prekòs (Early Intervention Program) nan Depatman Sante Eta New York (New York State Department of Health):

Telefòn: **(518) 473-7016**

Imèl: **beipub@health.ny.gov**



health.ny.gov/EHDI



**Department
of Health**